

*Jesus Christ na my Lord and Saviour, and invite am to begin dey reign for my heart from today. Jesus, I thank You, becos as You bin die for my sin so, I don get forgiveness and life wey no dey end. Amen.*

If you don pray like dis wit all your mind, we rejoice wit you, becos you don become Baba-God pikin now (John 1:12-13).

### **Wetin Pesin Go Do Next?**

E dey important make you begin dey live life wey holy afta you don dey saved. Make you get one Bible and begin dey read am everi day. Everitin wey you suppose know about Baba-God, hin plan for you, and how you suppose live di kain life wey go make am happy dey inside Bible. Find one church or fellowship wey believe Bible, for di area wia you dey live, wia

*Jesus Christ na my Lord and Saviour, and invite am to begin dey reign for my heart from today. Jesus, I thank You, becos as You bin die for my sin so, I don get forgiveness and life wey no dey end. Amen.*

If you don pray like dis wit all your mind, we rejoice wit you, becos you don become Baba-God pikin now (John 1:12-13).

### **Wetin Pesin Go Do Next?**

E dey important make you begin dey live life wey holy afta you don dey saved. Make you get one Bible and begin dey read am everi day. Everitin wey you suppose know about Baba-God, hin plan for you, and how you suppose live di kain life wey go make am happy dey inside Bible. Find one church or fellowship wey believe Bible, for di area wia you dey live, wia

dem go give you teaching wey go epp you grow inside Christ. Begin dey go there kwik-kwik, and plan to dey go everi time. You fit write tell us about di new life wey you don get, for our website (Divine Literature International or Dove Letter Zone). Make you check oda free materials for there wey fit epp you. Welcome to Baba-God family, friend!

*If dis Tract don bless you, make you share am give anoda pesin.*



**DIVINE LITERATURE INTERNATIONAL**

*~ We dey Spread di Gospel Everiwhere for World*

[www.divineliterature.org](http://www.divineliterature.org)

[www.doveletters.org](http://www.doveletters.org)

Divine Literature International, na im write dis tract. We dey share am give pipo for free as di Lord dey bless us. **Dis tract no be for sale.** Make you please write tell us for our websites if pesin dey try sell am to you.

©Divine Literature International 2023

dem go give you teaching wey go epp you grow inside Christ. Begin dey go there kwik-kwik, and plan to dey go everi time. You fit write tell us about di new life wey you don get, for our website (Divine Literature International or Dove Letter Zone). Make you check oda free materials for there wey fit epp you. Welcome to Baba-God family, friend!

*If dis Tract don bless you, make you share am give anoda pesin.*



**DIVINE LITERATURE INTERNATIONAL**

*~ We dey Spread di Gospel Everiwhere for World*

[www.divineliterature.org](http://www.divineliterature.org)

[www.doveletters.org](http://www.doveletters.org)

Divine Literature International, na im write dis tract. We dey share am give pipo for free as di Lord dey bless us. **Dis tract no be for sale.** Make you please write tell us for our websites if pesin dey try sell am to you.

©Divine Literature International 2023



*Peace Don Land!*

Plenti wahala wey dey very bad don land world now: Wahala just dey full ground everi day: Wahala for moni, sickness for bodi, sickness for brain, pesin dey hate anoda pesin, prejudice, gun wahala, war for inside marriage, injustice, and oda tins wey just dey wicked!

You fit like to tink sey everitin dey go well for you for life, and you no need anytin from Christ. You dey trust your power, di betta sense wey you get, di moni, or di pipo wey dey epp you; but di truth be sey no be everitin for life dey certain. Pesin power fit fail if sickness waka come. Betta sense wey dey sef, fit kpafuka if pesin get plenti sickness for brain. Moni fit vanish, just like dat. Pipo wey dey epp pesin



*Peace Don Land!*

Plenti wahala wey dey very bad don land world now: Wahala just dey full ground everi day: Wahala for moni, sickness for bodi, sickness for brain, pesin dey hate anoda pesin, prejudice, gun wahala, war for inside marriage, injustice, and oda tins wey just dey wicked!

You fit like to tink sey everitin dey go well for you for life, and you no need anytin from Christ. You dey trust your power, di betta sense wey you get, di moni, or di pipo wey dey epp you; but di truth be sey no be everitin for life dey certain. Pesin power fit fail if sickness waka come. Betta sense wey dey sef, fit kpafuka if pesin get plenti sickness for brain. Moni fit vanish, just like dat. Pipo wey dey epp pesin

## How Pesin fit Receive Jesus Christ Now?

Bible tok sey, if you use your mouth confess sey Jesus Christ na Lord, and you believe for your heart sey Baba-God raise am from di dead, you go dey saved (Romans 10:9).

1. Make you agree sey you be sinner.
2. Make you dey ready to turn from your sin.
3. Make you believe for your heart sey Jesus Christ die for your sin on top Cross and rise from di dead.
4. Con bow your head tok dis prayer:  
*Dear God, I confess sey I be sinner. I dey sorry. Please, make You forgive me. I wan stop to dey live dis kain life way dey wit sin. I believe sey Your Son, Jesus die for my sin, You raise am from di dead, and e dey alive. I confess sey*

## How Pesin fit Receive Jesus Christ Now?

Bible tok sey, if you use your mouth confess sey Jesus Christ na Lord, and you believe for your heart sey Baba-God raise am from di dead, you go dey saved (Romans 10:9).

1. Make you agree sey you be sinner.
2. Make you dey ready to turn from your sin.
3. Make you believe for your heart sey Jesus Christ die for your sin on top Cross and rise from di dead.
4. Con bow your head tok dis prayer:

*Dear God, I confess sey I be sinner. I dey sorry. Please, make You forgive me. I wan stop to dey live dis kain life way dey wit sin. I believe sey Your Son, Jesus die for my sin, You raise am from di dead, and e dey alive. I confess sey*

like sey, to dey famous, to get moni, power, control, and all di oda good tins dey give you peace; but you go con find out sey, dem no dey satisfy pesin for long time. Na only tru Christ you fit experience true peace, way dey last (John 14:27). Pipo way get relationship wit am dey experience peace way no pesin fit understand, even wen wahala waka come dia way (Phillipians 4:7). Dem dey kampe, upon all di wahala way dey world. Dem no dey for sin bondage, shame no catch dem again for sin way don pass, dem no fear wein fit happun tomorrow, and dem no dey worry theirself about judgement way go come when dem die. You need true peace, way dey last for dis wicked world way don spoil; wia notin dey certain. Na giffi way dey ready for you, if you find way to settle wit Baba-God, which na to receive hin Son, Jesus Christ as your Lord and Saviour. Make you choose to receive am today!

like sey, to dey famous, to get moni, power, control, and all di oda good tins dey give you peace; but you go con find out sey, dem no dey satisfy pesin for long time. Na only tru Christ you fit experience true peace, way dey last (John 14:27). Pipo way get relationship wit am dey experience peace way no pesin fit understand, even wen wahala waka come dia way (Phillipians 4:7). Dem dey kampe, upon all di wahala way dey world. Dem no dey for sin bondage, shame no catch dem again for sin way don pass, dem no fear wein fit happun tomorrow, and dem no dey worry theirself about judgement way go come when dem die. You need true peace, way dey last for dis wicked world way don spoil; wia notin dey certain. Na giffi way dey ready for you, if you find way to settle wit Baba-God, which na to receive hin Son, Jesus Christ as your Lord and Saviour. Make you choose to receive am today!

fit comot life wen we no expect. Di ones wey still dey life set, fit disappoint as di love wey dem get for pesin stop. Na only peace wey Jesus Christ dey give fit keep you wen wahala begin dey show face. Make we even tok sey, you no get wahala at all for life - you go still need hin peace to keep and enjoy di tins wey you get. Notin wey you no go fit win if you get dis kain peace. Jesus Christ na di Prince of Peace (Isaiah 9:6). E promise sey, e go give peace and comfort to pipo wey get wahala and carry world mata for head like heavy load, if dem come meet am (Matthew 11:28-30). On top sey na Prince of Peace, na tru am we dey get real blessing yantu-yantu. Na from Baba-God everi giffi wey good and perfect dey come (James 1:17), and na tru hin Son di giffs dey come (2 Corinthians 1:20, 1 Corinthians 8:5-6). Dis kain peace wey Christ dey give, no be wein you fit enjoy if you no gree give your life to am. E go be

fit comot life wen we no expect. Di ones wey still dey life set, fit disappoint as di love wey dem get for pesin stop. Na only peace wey Jesus Christ dey give fit keep you wen wahala begin dey show face. Make we even tok sey, you no get wahala at all for life - you go still need hin peace to keep and enjoy di tins wey you get. Notin wey you no go fit win if you get dis kain peace. Jesus Christ na di Prince of Peace (Isaiah 9:6). E promise sey, e go give peace and comfort to pipo wey get wahala and carry world mata for head like heavy load, if dem come meet am (Matthew 11:28-30). On top sey na Prince of Peace, na tru am we dey get real blessing yantu-yantu. Na from Baba-God everi giffi wey good and perfect dey come (James 1:17), and na tru hin Son di giffs dey come (2 Corinthians 1:20, 1 Corinthians 8:5-6). Dis kain peace wey Christ dey give, no be wein you fit enjoy if you no gree give your life to am. E go be